

151 *Pitit Bondye yo pral parèt
nan laglwa*
(Women 8:19)

1. Jewova pral fè wè aklè
Pitit li yo jwenn glwa.
Y'ap wa nan syèl la bò kot Kris,
Y'ap gen anpil pouvwa.

(REFREN)

*Pitit Bondye yo pral jwenn glwa,
Y'ap avèk Kris Jezi.
Yo pral pote yon gwo viktwa.
Y'ap kontan, y'ap rejwi.*

2. Talè konsa, rès frè Kris yo
Ap avèk li nan syèl.
Wa tout wa yo ap rele yo.
Yo tout ap imòtèl.

(Refren)

(PAWÒL ANPLIS)

Epi, yo pral patisipe
nan gè Amagedon.
Ti Mouton an ansanm ak yo
Pral marye pou toutan.

(Refren)